Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 33 (9775) / 13 август 2018 с. / итни 8 Зуль-Къаг1ида 1439 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru




***Ежегодно, во вторую Субботу августа, в России отмечается День физкультурника. Он отмечается в нашей стране с 1939 года. Это праздник всех, кто любит спорт – вне зависимости от профессии и возраста.***

# Поздравляем!

***Уважаемые любители физкультуры и спорта!***

Спорт – это залог здоровья, силы, дисциплинированности и красоты. Именно вы, дорогие физкультурники, являетесь проводниками физической культуры между простыми людьми и спортом. Желаем вам силы и терпения, достижений и побед, благодарности и признания. Пусть ваше здоровое тело не покидает не менее здоровый дух.

*Глава МР «Казбековский район» Г.Г.МУСАЕВ.*
*Председатель Собрания депутатов Г.М.ГИРИСХАНОВ.*

## Семинар т1обит1ана

1 августалда тIобитIараб терроризмалде данде къеркьеялъул комиссиялъул ведомствабазда гьоркьосеб хIалтIул группаялъул семинаралда бицана культураялъул объектазда хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул, паспортал хIадуриялъе методическияб кумек гьабиялъул. Гьеб тIобитIана - ГО ЧСалъулгун мобилизационнияб хIалтIул отделалъул начальник Ибрагьим МухIамадовасул, АТКялъул специалист Шамиль Расуловасул ва культураялъул рукъзазул директорзабазул гIахьаллъиялда.



Гьениб кIалъай гьабурав И. МухIамадовас данделъаразе бицана хIинкъигьечIолъиялъул культура гIадамазул борхизабиялда тIад гьаризе тIадал ишазул, тIадехун рехсарал паспортал хIадуриялъе бихьизабураб заманалъул, терроризмалъулаб хIинкъи букIиналдаса объектал цIуниялъе гIуцIулел планазул ва гьеб кинабго букIинабиялъе кколел харжазул. Гьенир тадбиралъул г1ахьалчаг1азул щивасухъе кьуна тIоцебесеб медицинаялъулаб кумек гьабиялда хурхарал памяткаби.

Ш.Расуловас гьениб бицана комиссиялъул гIуцIиялъул ва гьелъ хIалтIи гьабулеб бугеб къагIидаялъул хIакъалъулъ. Данделъиялъул ахиралда гьелъул цо-цо гIахьалчагIаз бицана жидеца хIалтIи гIуцIун бугеб къагIидаялъул, бугеб цебетIеялъул ва дандчIвалел захIмалъабазул.

*Информагентство «Салатавия».*

# Новое назначение



3 августа врио главы Дагестана В. Васильев подписал Указ о назначении врио министра информации, связи и массовых коммуникаций РД Сергея Снегирева. Ранее этот пост занимал Рашид Акавов.

# Районалъул администрациялда



7 августалда районалъул администрациялда тIобитIараб данделъиялда гIахьаллъана -**«Казбек район»** муниципалияб гIуцIиялъул бетIерасул ишал тIуразарулев И.И. Шабазов, бет1ерасул заместитель З.Н. Эмеев, райадминистрациялъул, учреждениябазулгун организациябазул жавабиял хIалтIухъаби ва росабазул администрациябазул бутIрул.

Данделъиялъул халгьабиялде босун букIана **«2018 соналъул тIоцебесеб бащдаб лъагIалида жаниб районалъул терроризмалде данде къеркьеялъул комиссиялъ гьабураб хIалтIул хIисабкьей»** абураб суал.

Гьелда тIасан кIалъазе вахъарав И.Б. Салимхановас (районалъул бетIерасул заместитель),гIатIидгьабун, бицана 6 моцIалда жаниб хал гьабиялде босараб суалалда сверухъ рехсараб комиссиялъ гьабураб хIалтIул. Гьеб абуна: **«Районалда бугеб жамгIиябгун политикияб ахIвал-хIал гIодобе биччараб буго, гьабсагIаталда гьеб хIалуциналъе гIиллабиги гьечIо.**

**2018 соналъул тIоцебесеб 6 моцIалда жаниб нилъер гьаниб букIинчIо терроризмалда хурхараб гIадлу-низам биххиялъул цониги хIужа, амма гьелда хурхарал кIвар бугел суалал жеги «регIераллъун» хутIулел руго. Гьелда сверухъ гIодобе биччараб «гьава-бакъ» букIин ккола районалъул жамгIиялгун диниял церехъаби, росабазул бутIрул, хасал службаби,гIадлу-низам цIуниялъул органал цолъун гьабулеб хIалтIул х1асил. Гьез гьоркьобкъотIи гьечIеб хIалтIи гьабулеб буго гIолеб гIел квешал ишазде цIангутIиялъе. Гьединго, нижеда кIочон гьечIо терроризмалде гьоркьоре ккун рукIаразул хъизабиги.**

**ГIолилалгун хIалтIулъ хIалтIизарулел руго батIи-батIиял къагIидаби. Гьедин, нижеца тIоритIана «гургинал» столал, лекциял, видеороликал рихьизари, спорталъул къецал ва гь.ц.**

**Массовиял информациялъул средствабаз (телестудия «Салатавия», газета «Чапар») зама-заманалда рихьизарула терроризмалда хурхарал передачаби, рахъула макъалаби. ХIадурун ва тасдикъ гьарун руго районалъул лъайкьеялъул учреждениябазул хIинкъигьечIолъиялъул паспортал, ахиралде щун руго Дилим росдал, Дубки посёлокалъул аслиял байдабазе, «Казбек транс» МУПалъе гьел хIадур гьари. 10 цIалул учреждениябаздаги цо культураялъул Рукъалдаги лъезе руго цIакъ хехго ахIиялъул кнопкаби. Бюджеталда бихьизабун буго районалъул культураялъул Централда видеокамераби лъеялъе гIарацги»**,-ян

И.Б. Салимхановас гьенир рехсана тIоритIарал ишазулъ кьурал лъикIал хIасилал, ругел гIунгутIаби ва тIоцебесеб иргаялда бетIералде рахъинаризе кколел суалал.

Данделъиялъул хIасил гьабулеб кIалъаялда И.И. Шабазовас абуна: **«Дагъистаналъул терроризмалде данде къеркьеялъул миллияб комитеталъул ведомствабазда гьоркьосеб комитеталъ ва АТКялъул аппараталъ лъикIаб къимат кьуна нилъер хIалтIуе. Гьеб рахъалъ нилъер ругел хIалбихьиял, церетIеял хIалт1изаризе лъикIаб букIинилан лъазабуна гьез цоги районазул церехъабазда»**,-ян

*С. СУЛТАНМУХIАМАДОВА*

# Яс т1аг1ун йиго



Араб Гьат1ан къоялъ - 29 июлалда, Каспийск шагьаралда г1умру гьабун йигей, микьго сон барай Калимат Г1умарова т1аг1ун йиго. Радал тукаде йит1арай яс рукъое яч1ине кват1идал, рах1ат хварал эбел-инсуца телефоналдасан гьелде ах1ула. Ясалъ жаваб гьабула жий кват1ич1ого яч1инин. Гьелъул гьаракьалъулъ цо бат1ияб хиси бихьарал эбел-инсуца хехго полициялда лъазабула. Гьелдаса хадуб ясалъул телефоналъ жаваб кьоларо.

Яс ялагьизе къват1ире рахъарал шагьаралъул г1адамазда чанго саг1аталдасан лъала, эменгун к1алъалеб заманалда яс Анжи-ареналда аск1ой йик1араблъи. Хадусанги баянлъана ясалъухъ бук1араб телефон ва сим-карта бат1и-бат1иял бак1азда рук1араблъиги. Гьей ялагьизе ккурал мах1 босулел гьабзазул кумекалъги лъик1аб х1асил кьеч1о. Гьелъ ахирисеб лъак1 тун буго гьебго Анжи-ареналдаса рик1к1ад гьеч1еб бак1алда. Г1емерав чияс ялагьулей йиго Калимат Г1умарова.

Полициялъулаз гьарулеб буго Калиматил х1акъалъулъ лъалеб яги раг1араб батани, жидеда лъазабеян..

*ИНТЕРНЕТ.*

Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,

*Ишахиса лъим*

# МелъелтIе сапар

Араб Рузман къоялъ - 3 августалда, нилъер районалъул имамзабазул Советалъул председатель Качалаев АхIмадрасулил бетIерлъиялда, Гумбет районалъул МелъелтIа росулъе сапаралъ щваразда гьоркьор рукIана -Дилим росдал администрациялъул бетIер Ибрагьим МухIамадов, росдал Собраниялъул депутат Марат Болоц1илаев, жамгIиял хIаракатчагIи: Анварпаша Шираев, Камилпаша МухIамадов, ХIабиб М-хайрулаев, ГIузайри Мусалаев, Темирбулат Темирбулатов ва районалъул харабазул Советалъул председатель, Буртунай росулъа Мухтар Чупалаев.



Сапаралъ рахъаразул аслияб мурадлъун букIана Гумбет районалъул ракьалде кколеб Ишахи участокалдаса лъим бачине изну тIалаб гьаби.

МелъелтIа росдал кIудияб мажгиталда нилъеразул къокъа жамаг1аталъ ракI разиго къабулги гьабун, загьир гьабуна лъим бачиналъе жидер рахъалдасан кинаб букIаниги разилъунгутIи гьечIолъи ва хIажатаб кумек гьабизе жиб кидаго хIадураб букIин.

Гьенир кIалъазе рахъарал - МелъелтIа росдал имамасги, росдал бегавуласги, районалъул архитекторасги жамагIаталъе тIубанго загьир гьабуна кисан, кибе ва кинаб къагIидаялда лъел рогIрал лъезе нух бахъулеб бугебали. Дандбана хадусел хIалтIаби кинаб къаг1идаялда гьаризе ругелалиги.



ХIукму ккана к1иябго районалъул вакилзабаз къотIи-къай гьабиялъул кагътал хIадуризе ва цоцазулъе кьезе. КIалъазе вахъарав АхIмадрасул Качалаевас ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна Мелъелт1а росдал ва тIолабго Гумбет районалъул жамагIатазе нилъераз гьабулеб хIалтIуда жидерго разилъи загьир гьабуралъухъ.

Хадусеб къоялъ Ишахи участокалде, сайгъат саламгун, щвана Аргъвани росдал бетIерасул нухмалъиялда, жамгIиял церехъаби.

Хал гьабуна гьениб гьабулеб хIалтIул. Гьез цоги нухалда тасдикъ гьабуна лъим бачиналъе х1ажатаб кумекалъе х1адурал рук1ин ва, гьеб лъик1аб ишалъе квербакъиги гьарун, гьабуна дуг1а.

Аллагь разилъаги Гумбет районалъул жамаг1атазда жидер ракьалде кколеб Ишахисан лъим бачине изну кьурал.

*Информцентр*

# Муг1алимгун дандч1ваялда...



*Ах1е нахъеги дир ц1ар*
*Ц1алдохъабазда гьоркьоб,*
*Ц1валъун рек1елъ хут1арав,*
*Т1оцевесев учитель.*

Гьединал мухъал руго Париза Гереевалъ жиндирго муг1алимасде гьабураб коч1олъ. Т1оцевесев учитель… Гьес ц1алдохъабазул рек1елъ тола гъваридаб лъалк1. Жидее г1елмуялде ва г1умруялде нух рагьарав муг1алим, сонал аниги, к1очонаро. Жинца тарбиягун лъай кьун г1умруялъул нухде т1орит1арал ц1алдохъаби махщалилаллъун, икъбал бит1араллъун, кинабго рахъалдасан мисалияллъун рахъин буго муг1алимасул мурад. Ц1алдохъабазул баркалаялдаса, гьез жиндир гьабулеб адаб-х1урматалдаса т1адег1анаб шапакъат гьесие бук1унаро.

Амма киназулго къисмат релълъараб бук1унаро. Рикьалаби, свералаби г1емерал г1умрудул нухаз кидаго гурел рек1ел мурадазде рачунел. Хисула г1умру гьабиялъул къаг1идаби, рук1арахъин. Цоцаздаса рик1к1алъаниги, бокьула классцоял рихьизе, цадахъ ц1аларал сонал рак1алде щвезаризе, хасго т1оцевесев учительгун дандч1вазе.

Школа лъуг1аралдаса бащдаб г1асруялде г1агарарал сонал ун хадуб, жидерго вук1арав т1оцевесев учитель, Хубар росулъа Абакаров Х1ажимурад Ражабовичасухъе гьоболлъухъ щвана гьесул рук1арал ц1алдохъаби. Киса-кирего т1ирит1ун ругел классцоял данде гьаризе х1аракат бахъана Париза Гереевалъ. Цоцаздаса рик1к1ад рук1аниги, ц1алдолеб заманалда бук1араб г1адаб адаб-х1урматгун, г1аданлъигун рач1ана гьел жидерго муг1алимасухъе. Х1ажимурадил ц1алдохъаби рахъана, росу гуребги, районго ч1ух1арал г1адамаллъун. Гьезда гьоркьор руго – Россиялъул журналистазулгун хъвадарухъабазул Союзазул член Париза Гереева, медицинаялъул г1елмабазул кандидат Г1али Г1алиев, районалъул администрациялъул жавабияв х1алт1ухъан Даци Сайдулаев, Афганистаналъул рагъул г1ахьалч1ужу - медсестра Умижат Юсупова. Гьединго, гьезул рахъана – педагогал, медицинаялъул х1алт1ухъаби ва цогидалги махщелазул г1адамал.

Данделъи ана пара кинниги, рук1ана рак1алдещвеял, гьанжесеб заманалда т1асан биценал. Гьайгьай, гьеб дандч1ваялъ щивасул рек1елъ тана гъваридаб лъалк1. Х1ажимурад Ражабовичасе гьеб дандч1вай бук1ана жиндир зах1маталъе ц1алдохъабаз кьураб т1адег1анаб къиматлъун.

*Инсан ва г1умру*

# Чадикълъи бихьаниги чиякълъи бихьугеги

Гьедин абулеб раг1унаан дида эбелалъ нижер мадугьал Миясатил х1акъалъулъ щиб хабар кканиги. Гьит1инай йик1иналъ дида гьел раг1абазул маг1на бич1ч1унароан. Рак1алде кколаан, чед гьеч1они ракъилин, ракъиялдаса квешаб жо цоги щиб бук1унебан. Дол рик1к1адал соназ маг1арул росулъе яч1арай Миясат йик1ана нижер мадугьалихъ. Нижеда кколаан гьей йигин жеги лъиданиги бихьич1еб, бат1ияб улкаялдаса яч1арай г1аданилан. Миясатида маг1арул мац1 лъик1го лъалароан. Гьелъул хъвада-ч1вадиялъул рахъ босани, жийго йик1ана лъик1ай, яц1ц1адай, лъимер гьеч1ей, янгъизай г1адан. Цо-цояз абулаан «**Гьаний сунца гьей ккун йигей? Щай жиндирго росулъе т1адюссунарей?**» - ан.

Миясатил Ват1анлъун кколаан Кули район. Гьит1инго эбел-эмен хварай гьей хьихьула имг1алас. 16 сон барай Миясат кьола бат1ияб росулъа ригь арав чиясе. Рос хун хадусан , гьесул лъималаз гьей сверудаса хъамула. Росулъе т1адюссун хадуб, эбел-инсул бук1араб минаялъув, хъизангун г1умру гьабун, жиндирго вацг1ал ватула. Инсул рукъалъул бук1он щвеч1ей Миясат росулъа нахъе уна. Къисматалъ гьей ячуна Хасавюрт шагьаралде. Х1алт1улей йик1уна кирпич гьабулеб заводалда. Гьениб лъай-хъвай ккола Муслимилгун. Гьез цадахъаб г1умру гьабула анц1го соналъ. Ахиралда гьес, лъимер гьабуларейилан г1иллаги батун, гьелде т1аде ячуна росулъа цоги ч1ужу. Миясатие росас кьола жиндирго эбел-инсул бук1араб басрияб, т1ад ч1абар гурони гьеч1еб мина. Гьение яхъине бокьич1ей Миясатица бичун босана нижер мадугьалихъ бук1араб гьит1инабго рукъ. Гьелъухъе гьоболлъухъ щвиго вач1унароан. Дол соназ, х1амузда т1ад шаг1ил ц1а-раг1ги лъун, гьеб бичизе росулъе рач1унаан Балхаралдаса шаг1ихъаби.Гьел руччаби рещт1унаан Миясатил доре. Эбелалъ дун гьелъие рукъ-бак1 бак1аризе,хурие кумекалъе, гьабураб кванил бут1а босун йит1улаан. Миясат йохулаан, дие сайгъатал кьолаан, дица гьел росич1они, квеш бихьулаан. Янгъизай г1адан йигониги, х1айван камунги гьей йик1унароан, садакъа-къулгьуги гьабулаан.

Къокъаб х1асил, Миясат хвана. Бицен бук1ана гьелъ жийго бет1ергьанаб мина бичун щвараб г1арац садакъа гьабиялъе васият гьабун бугиланги.

Ана сонал. Цо Рузман къоялъ росдал хабалалъе арай дида рак1алде яч1ана дой Миясат-ада. Бокьун бук1ана гьелъул хоб, юкъараб бак1 лъазе, гьелъул рух1алъе къулгъу-алх1ам ц1ализе. «**Цоги лъида рак1алде гьей щвезе йик1арай?**» абураб пикруги бач1ана рек1елъе. Цо-цоязда ц1ехон, харилъан нухги батун, щвана гьелъул хобалде. Т1ад бижараб ч1ах1алъ бахчизабун, танкун бугоан хоб. Цебехун гьет1ун бугоан зани. Х1алалъ ц1ализе к1вана дида заниялда хъвараб гьелъул ц1ар. Дир бераз маг1у кколеб бук1инч1о. Хабалалъги янгъизго, чиякъго батараб гьелъул хобалъул х1исаб гьабунаг1ан бич1ч1ана, ц1акъ дагьго гурони, рит1ухълъи нилъеда дандч1валареб г1умруялъул кьог1лъи.

Рак1алде ккана: «**Сундулъ бугеб ч1ужуг1аданалъул г1умруялъул талих1?**» - ан. Гьеб къоялъ бич1ч1ана дида эбелалъ «**Чадикълъи бихьаниги чиякълъи бихьугеги**», - ян абурал раг1абазул маг1на.

*Х1.КАРИМОВА.*

# Трагическим событиям – 10 лет

Прошло 10 лет (08.08.2008г.) как, нарушив международные договоренности, грузинские войска начали штурм Южной Осетии.

Погибли десятки и были ранены сотни людей. После пяти кровопролитных дней, Российские войска вытеснили грузинских военных. В конце августа Россия признала независимость Южной Осетии и Абхазии. В связи с этими трагическими событиями в Южной Осетии прошли траурные мероприятия.

# Лъиє, кида ва киг1ан?

*2018 соналъул т1оцебесеб августалдаса нахъе ц1ик1к1инабизе буго пенсия.*

Россиялъул Пенсиялъул фондалъул пресс-хъулухъалъул баяназда рекъон, 2018 соналъул тIоцебесеб августалдаса нахъе цIикIкIинабизе буго хIалтIулел пенсионеразул пенсия. ХIалтIулел пенсионеразул пенсиялъул цIидасан хIисаб-суал (перерасчет) гьабизе буго, 2017 соналда тIаде рачIарал пенсиязул баллалги хIисабалде росун. ХIисабалде босула бищун цIикIкIун лъабго балл. 2018 соналда нахъе пенсиязул цо баллалъухъ ккола 81,49 гъуруш. Гьединлъидал пенсиялде тIаде бищун гIемер бачIине буго 244,47 гъуруш. 2016 соналда къуваталде лъугьараб нормаялда рекъон, халтIулел пенсионеразе пенсия кьола, гьелъул страховияб бутIаялъул индексацияги хIисабалде босичIого. Гьединлъидал хIалтIулел пенсионеразе пенсиялде тIаде щвезе буго батIи-батIияб къадаралъул гIарац. Щайгурелъул пенсиялъул роцен бараб буго пенсиялде араб къо-моцIалда. ТIоцебесеб августалдаса нахъе пенсиялде тIаде гIарац кьеян абун Пенсиялъул фондалде гIарза хъвазе кколаро: пенсиялъул цIидасан хIисаб гьабизе буго гьез жидецаго.

**ХIалтIулев пенсионерасул пенсиялъул хIисаб-суал**

2016 соналдаса нахъе индексация гьабуларо хIалтIулев пенсионерасул пенсиялъул. Гьесие кколеб гIарац кьезе буго гьев хIалтIудаса нахъе ун хадуб, хIалтIулеб бакIалдаса Пенсиялъул фондалде рехараб гIарцул хIисабги гьабун. Пенсионер хIалтIудаса нахъе араб мехалда, гьесул пенсия цIикIкIине буго. Гьелде тIаде бачIунеб гIарцул хIисаб гьабизе буго 2016 соналдаса нахъе гьарурал пенсиялъул индексациялги кьочIое росун. Пенсионер цIидасан хIалтIизе ани, гьесул пенсиялъул индексация гьабизе гьечIо хадубккунги – хIалтIудаса нахъе инегIан. Гьел тадбиразул хIасилалда гIемерисел пенсионералги хIалтIулел руго балъго-гIатIго, ай законалда рекъон хъвай-хъвагIайги гьабичIого. Пенсиялъул индексация гьабунгутIиялъе гIиллалъун ккана бюджеталда гIарац мукъсанлъи. Индексация гьабула страховиял пенсиязул (херлъиялда, сакъатлъиялда, бесдаллъиялда бан кьолел). Пачалихъияб къайимлъиялда ругел гIадамазе кьолел пособиязул, гьелда гъорлъе уна социалиялги, пенсиялъул цIидасан хIисаб гьабула захIматалъухъ, ай хIалтIи-хIалтIунгутIиялъухъ балагьичIого.

**Нормативиябгун правоялъулаб низам**

Россиялъул хIалтIулел пенсионеразул пенсиялъул индексация гьабула цо чанго законалъул акталъул къучIалда: 1996 соналъул тIоцебесеб апрелалда къабул гьабураб №27 федералияб законалъ (ФЗ) щивав чиясул цIар хъвала цогояб сияхIалда (2002 соналда байбихьана гьелдалъун пенсиялъул реформа); 2013 соналъул 29 декабралда къабул гьабураб №400 законалъ рекъезабула пенсиялъул роценги гьеб кьолеб къагIидаги; 2015 соналъул 29 декабралда къабул гьабураб №385 законалда рекъон, 2016 соналъул январалдаса нахъе инкар гьабуна хIалтIулел пенсионеразул пенсиялъул индексация гьабиялъе; 2017 соналъул тIоцебесеб июлалда къабул гьабураб №134 законалъ хисизабуна №400 законалъул 26.1 статьяялъул лъабабилеб бутIа – гьелда бицунеб буго, хIалтIулев пенсионер хIалтIудаса нахъе ун хадуб индексацияги гьабун, пенсиялде тIаде гIарац кьеялъул хIакъалъулъ. ХIалтIулев вукIарав пенсионерас хIалтIи тун лъабго моцIил болжалалда гьабула гьесул пенсиялъул индексация. Масала, апрелалда хIалтIудаса нахъе арав чиясе августалда щола индексация гьабураб пенсия. ТIаде жубала рехсарал моцIазул индексациялъул гIарацги. Индексациялъул ва тIаде жубалеб гIарцул роцен бараб букIуна: 2016 соналдаса нахъе гьабураб индексациялъул роценалдаги, хIалтIудаса кьун рукIарал страховиял взносаздаги, хIалтIул стажалдаги, пенсиялъул баллаздаги, хасаб пенсиялъул коэффициенталдаги. Перерасчет гьабизе ккола Пенсиялъул фондалъул хIалтIухъабаз жидецаго, ай пенсионерасул хасаб гIарза букIине кколаро. Гьелъие кьучIлъунги ккола Пенсиялъул фондалде хIалтIудаса щибаб моцIалъ ритIулел баянал.

**Пенсиялъул стажалъул тайпаби**

ХIалтIулеб бакIги хIисабалде босун пенсиялъул стажалъул букIуна батIи- батIияб тайпа.

**1. Пачалихъияб.** Гьеб букIуна бюд- жетиял идарабазда яги улкаялъул хъулухъалда ругел хIалтIухъабазул.

**2. Страховияб (захIматалъулаб).** Щибаб моцIалъ РФялъул Пенсиялъул фондалде гIарац рехулеб хIалтIул хIаракат.

**3. Хасаб.** Гьединаб стажалъ рес кьола болжал щвелалдего пенсия щвезе.

**4. Гьоркьоса къотIи гьечIеб.** Гьеб рикIкIуна пуланав чи цого бакIалда гIемерал соназ тIатIалаго хIалтIулев вукIинги кьочIое босун.

**5. ГIаммаб.** Гьелда гьоркьобе уна гIумруялда жаниб гьабураб кинабго хIалтIи, гьеб батIи-батIияб ва гьоркьоб къотIун гьабураб бугониги. Пенсиялъул роцен чIезабула, страховиябги законалъ чIезабурабги бутIабазул хIисабги гьабун. ЗахIматалъул стажлъун ккола пуланав чиясул хIакъикъияв хIалтIул заман. Страховияб бутIаялда гьоркьоб рикIкIуна армиялда хъулухъ гьабиги, лъимал гьаруялъул отпускалъул заманги, законалъ чIезарурал цогидалги лъугьа-бахъинал. Лъимер гьабизе йикIун отпускалда йикIарай чIужугIаданалъе рикIкIуна страховияб стажлъун лъагIелгун бащдаб, амма, гьарурал лъималазул хIисабги гьабун, страховияб стажалда гьоркьобе уна гIицIго анлъго лъагIел.

Масала, щуго лъимер гьабурай гIаданалъул отпускалъул гIаммаб заман ккола анкьго страховияб стажалъ хIалтIухъанасе рес кьола болжал щвелалдего хIухьбахъиялде ине. 45 сон барав чиясул ихтияр буго, хасал шартIал ругеб бакIалда жив хIалтIаравлъи тасдикъ гьабулел захIматалъул книжкаги, архиваздаса кагъталги, моцIрол харжалъул хIакъалъулъ ва цогидал документалги росун, РФялъул Пенсиялъул фондалде хитIаб гьабизе. Пенсиялъул цIидасан хIисаб гьабулеб мехалда, кьочIое босула моцIрол лъеберабго къоги гургинаб лъагIелги. Пенсиялъул роцен чIезабиялъе халгьа- булаго, захIматалъул кIиго болжал цадахъ кколеб бугони, хIисабалде босула цIикIкIараб харж щолеб букIараб заман. ЗахIматалъул стаж: баллал кин рикIкIунел? ХIалтIулеб законалда рекъон, гьабсагIаталда



**Индексациялъул ва т1аде жубалеб г1арцул роцен бараб бук1уна: 2016 соналдаса нахъе гьабураб индексациялъул роценалдаги, х1алт1удаса кьун рук1арал страховиял взносаздаги, х1алт1ул стажалдаги, пенсиялъул баллаздаги, хасаб пенсиялъул коэффициенталдаги.**

лъагIелгун бащдаб; гьелда гьоркьоса анлъго лъагIел гурони хIисабалде бо- суларо, страховияб стаж чIезабулеб мехалда.

**Хасаб страховияб стаж**

Хасаб страховияб бутIа ккола захIматал яги гIумруялъе хIинкъи бугел бакIазда хIалтIараб заман. Гьединаблъун рикIкIуна контракталда рекъон гьабурабги рагъулабги хъулухъ.

Гьебго стаж рикIкIуна росабалъ хIалтIарал медициналъул хIалтIухъабазулги педагогазулги хIалтIиги. Гьединго хасаб страховияб бутIаллъун ккола: заманалда хIалтIун бажарунгутIиялда бан кьураб листокалда (больничный лист) бихьизабураб заман; санайил кьолеб отпуск; аслиялде тIаде кьураб отпуск. БатIи- батIиял гIиллаби сабаблъун, хIалтIухъан заманалда нахъе витIун вукIараб яги хIалтIизе течIеб заман страховияб стажалда гъорлъе унаро. ЗахIматалъул хасал шартIаллъун рикIкIуна ракьуда гъоркь, ракьулъа магIдан бахъулеб промышленносталда, захIматаб ва гIумруялъе хIинкъи бугел ва рекIее цIикIкIараб асар гьабулел бакIазда хIалтIи. Хасаб цо балл бащалъула бищун гIодобегIанасеб моцIрол харжалда (МРОТ). Пенсиялъул балл чIезабулеб мехалда, гьабула гьединаб хIисаб: рикIкIуна лъагIалил харж. Цо моцIалъ, мисалалъе, пуланав чиясе щолеб буго 40 азарго гъуруш, гьесул лъагIалил харж бахуна 480 азарго гъуршиде. Бахъула гьелъул 16 процент – гIага-шагарго 76800 гъуруш. Гьеб бикьула бищун цIикIкIараб страховияб взносалде ва кьабула анцIилъ. 2018 соналда страховиял взносазул бищун цIикIкIараб бутIа бащалъула 116800 гъуршида. Гьединлъидал: 76800/116800х10=6,5 лъагIалил балл. 2002 соналде щвезегIан хIалтIарал гIадамазул захIматалъул стаж рикIкIуна гIаммаб стажалда гъорлъ ва гьелъухъ баллалги чIезарула, хIалтIулаго щвараб гIаммаб харж хIалтIарал соназдеги би- кьун. 2010 соналда гьеб гIарцул къадар 10 проценталъ цIикIкIинабун букIана киналго гражданазе, 1991 соналде щвезегIан хIалтIаразе – тIаде жубана щибаб хIалтIул соналъухъ цо процент.

*«Х1акъикъат» (№30, 3 август) газеталдаса босараб.*

# Киназего х1ажатаб ц1одорлъи

Дида рак1алде ккола инсанасул рек1елъ дагьаб гурони х1инкъи гьеч1ебани, гьаб зах1матаб заманалда г1умру гьабизе г1емер бигьаяб бук1инаанин. Щай абуни, такъсириял ишаз нилъер рак1азда гуребги, ракьалдаги лъолеб буго ругъун. Нилъеда цадахъ гьелъги къулч1улеб буго маг1у.

Нилъер улкаялда такъсирчиясе гьабулеб тамих1 ц1акъго чучаб буго. Ц1араб заман лъуг1инег1ан жанивги хьихьун, эркенлъуде виччан хадусанги такъсирчи кант1улев гьеч1о, гьес байбихьула добго нухдасан ине. Цогидал такъсирал рик1 -к1инч1ого, гьанже рикъулел руго лъимал. Заман анаг1ан гьезул сиях1 халалъулебги буго. Щай мунагь гьеч1ел лъималазухъа гьел г1алхул жанавараз талих1 бахъулеб? Щай гьезда к1очонеб жидерго лъимерлъи? Жанаваразцин ц1унула жидерго т1анч1и. Гьездаг1анцин г1акълу гьеч1ев такъсирчиясда щибилан абилеб?

Нилъеца г1умру гьабулеб буго аск1ов вугев мадугьаласдацин щаклъизе бач1унеб заманалда. Холеб, лъуг1ун унеб буго цоцаздехунисеб божилъи, рак1азулъа иман.

Гьаб ахираб заманалда раг1улел рокьукъал, рек1ел х1алхьи бикъулел ишаз лъидаго божиялдаса нахъе ц1алел руго. Квешал гурел пикрабиги рек1елъе рач1унел гьеч1о.

Лъималги гьезул лъималги камурал чаг1и гьеч1о. Лъимерг1ан эбел-инсуе хирияб щибниги ракьалда гьеч1о. Гьеб камиялъ рек1елъ лъураб ругъун киданиги сахлъуларо. Лъимер камурасе кинал раг1абаздалъун зигара балеб? **«Рек1ее сабру кьеги»**, - ян абурал раг1абаз бигьалъиладай гьезул г1умру? Нилъ тохго ч1ун руго, метерисеб къоялъул ургъел гьабулебги гьеч1о. Лъималазе ц1одорлъи кьолеб гьеч1о умумуз.

Г1емерисез лъимал риччан теялъ, бокьа-бокьараб гьабулел рук1унел руго. Риидалил заман ккола бищунго лъимералъул г1умруялда х1инкъи бугеблъун. Лъимал уна рохьоре, лъарахъе ва гь.ц. бак1азде. Къаси кват1изег1ан лъимал къот1нор рук1уна, эбел-инсул т1алабалдаги гьел рук1унаро.

Цо иш ккараб мехалъ бачараб гьура-гьараялъул пайда щиб? Мунагьал чураяй дир к1одоэбелалъ абулаан: ***«Марк1ач1улги боголилги каказда гьоркьоб бак1 жундул къват1ире рахъунеб г1уж буго. Гьеб мехалъ лъимал къват1ире риччазе бегьуларо»,*** - ян. Гьанжейин абуни, г1адамалги женазде сверун руго. Гьеб нилъеда бич1ч1унебги гьеч1о. Лъималазда ц1одор рук1аян малъизе, гьел ц1унизе нилъеда т1адаб буго. Лъаларо лъида щиб рак1алда ккolебалиги, лъимал г1ужиеги росун, лъица нилъедаса рец1ел босулеб бугебалиги.

Аллагьас ц1унаги нилъ нагагьал балагьаздаса. Гьесде гурони гьанже божиги хут1ун гьеч1о.

***Х1.КАРИМОВА.***

# Ц1ияб хъулухъ



ООО **«Газпром Межрегионгаз Мах1ачхъала»** г1уц1иялъ, гьаб соналъул 18 июналда бахъараб №1579 приказалда рекъон,нилъер районалъул обонентазул пунктальул начальниклъун тун вуго Дилим росулъа ***Нажмудинов Исламудин Г1абдулгъапурович***.

# Прокуратура сообщает...

Прокуратурой района проведена проверка в сфере соблюдения требований федерального законодательства при администрировании неналоговых доходов бюджетов.

По результатам проверки, в адрес глав администраций сельских поселений': **«с. Гертма»**, **«с. Алмак»**, **«с. Гуни»**, **«с. Гозтала»**, **«с. Ленинаул»**, **«с. Калининаул»**, **«с. Буртунай»**, **«с. Дылым»**, **«с. Инчха»**, **«сельсовет Хубарский»**, **«сельсовет Артлухский»**, городского поселка «п. Дубки» и мупиципального района «Казбековский район» внесены представления об устранении нарушений закона и привлечении виновных должностных лиц к дисциплинарной ответственности.

Однако, по истечении установленного законом срока, в сельских поселениях: «сельсовет Хубарский», «сельсовет Артлухский» и «село Дылым» представления прокурора не рассмотрены, конкретные меры по устранению допущенных нарушений закона, их причин и условий им способствующих, не приняты, виновные должностные лица к дисциплинарной ответственности не привлечены.

В связи с чем, прокуратурой района возбуждены дела об административном правонарушении по с г. 17.7 КоАП РФ (невыполнение законных требований прокурора) в отношении трех муниципальных служащих вышеназванных органов местного самоуправления, которые направлены для рассмотрения по существу в районный суд.

***М.М.ХАЛИЛОВ,***
***прокурор района, старший советник юстиции***

# Каспиялъул къорикье ккарал

***Ралъдалъ чвердолаго тохлъизе ч1оге***

Бабаюрт районалдаса Алтавов Ислам вук1ана Мах1ачхъалаялда г1агарлъухъ бугеб «Дельфин» абураб х1ухьбахъиялъул базаялда. Ралъдал раг1алдасан гьесда бихьана карачелалъ хъамулеб к1иго лъимер. Гьел хвасар гьаризе к1анц1ана Ислам. Цояв къват1иве вахъана ва к1иабилесда хадув арав гьев живгоги гъанкъана.

Къварилъи ккана Дербент районалъул Хазар поселокалдаги. Гьеб къоялъ бук1ана кутакаб гьури. Амма гьеб г1адахъги босич1ого, г1адамал чвердолел рук1ана. Лъабго лъимерги цо бихьинчиги гъанкъана гьебго къоялъ. Гьел рук1ун руго Гьажиметов Таймуразги, гьесул вацасул вас Демирги, жиндирго ясал Нижасги, Ренаги. Лъималгун чвердезе арав Теймураз валагьулаго, гьел рук1арал бак1алдаса цогун бащдаб километралъ добег1ан, батана Дагъистаналде х1ухьбахъизе вач1ун вук1арав, 1971 соналда гьавурав асат1инасул жаназаги.

Гьажиметовазул г1агарай г1аданалъ гьадин бицана: ***«Таймураз вук1ана Москваялда рагъулав прокурорлъун х1алт1улев. Гьесул бук1ана ункъо лъимер. Ункъо соналъ цее хвана гьесул 16 сон барай яс - лъимерлъудасаго ДЦПялъ унтун йик1ана гьей. 26 июлалда Таймуразил эбел къадаралде щвараралдаса лъаг1ел т1убалаан. Гьеб къоялде абун вач1ун вук1ана гьев Дагъистаналде. 24 июлалда гьев ралъдахъе ана, к1ийго жиндирго ясги вацасул васги цадахъ рачун. Гьанже гьезул хутlана цо лъимер»***, - ан.

30 июлалдаги **«Калипсо»** туристазул базаялда спасателазда батана 1997 соналда гьаюрай ясалъул жаназа. ДРялъул ГУ МЧСалъул пресс-хъулухъалъул раг1абазда рекъон, жаназа г1агарлъиялъухъе т1адбуссинабун буго.

***"Х1акъикъат" газеталдаса босараб.***

# Ӱчузал дараби

Дилим росулъ Г1усманов Г1умарпашал аптекалда руго цогидал бак1азда ругездаса 10-15 проценталъ учузго ричулел дараби.

Х1ажалъи ккараз гьениса дараби росизе бегьула.

***Спорт - инсанасул сахлъи***

# Шахматал ва шашкаби



25 июлалдаса 2 август щвезег1ан, Избербаш шагьаралда тlоритlана,канлъи дагьазда гьоркьор, шашкабигун шахматал хlаялъул Дагъистаналъул чемпионат. Гьенибе гlахьаллъана нилъер районалдаса командаги. Гьел хlаязда, шахматал хlаялъул рахъалъ, III-аб. бакl босана Дубки посёлокалдаса Атахlажи Мухlамадовас.

Гьединаб даражаялъул къецазда тlоцебесеб нухалда гlахьаллъарай Калининаул росулъа Жамилат Арсахъаевалъеги,шашкаби хlаялъул рахъалъ, гьениб щвана III-аб бакl.

Командабазда гьоркьоб нилъер команда бачlана VI –аб. бакlалде. Призалъулал бакlал росаразе гьенир кьуна ХIурматалъул грамотаби ва гlарцулал сайгъатал.

Бокьун буго, **«Чапар»** газета гьоркьоб ккун, А. Мухlамадовасда ва Ж. Арсахъаевалда ракl-ракlалъ баркизе щварал бергьенлъаби.

***МахIмуд АБУЛАЕВ, районалъул канлъи дагьазул гIуцIиялъул председатель.***

# Б а р к у л а !



2-5 августалда Москваялъул областалде кколеб Одинцово шагьаралда т1обит1ана, эркенаб гугариялъул рахъалъ, Россиялъул чемпионат. Гьенире г1ахьаллъана нилъер районалдаса Ах1мад Х1ажимух1амадов (Калинин -аул) ва Артем Гебеков (Дилим).



79 кг. ц1айиялда гугарарав Ах1мадица гьениб босана меседил медаль, 61 кг. ц1айиялда гугарун, мазгарулаб щвана Артемие.

Абизе ккола Дагъистаналъул командаялъ лъик1ал х1асилал рихьизарунин. Гьелъие щвана – 7 меседил, 2 г1арцул ва 7 мазгарул медалал.

Рак1 – рак1алъ баркула Ах1мадидаги Артемидаги щварал шапакъатал. Гьарула гьезие жеги т1адег1анал бергьенлъаби.

***Районалъул г1олилазул къокъа.***

# Лъазабиял

18 августалда Ленинаул росдада гlагарда бугеб ГИБДДялъул постальухъ, Дагъистаналде тlаде гьужум гьабурал бандазул гlуцlаби щущахъ риххизаруралдаса 19 сон тlубаялъул хlурматалда , тlобитlулеб байрамалде гlахьаллъеян райадминистрациялъ гьарулеб буго тlолалго ополченцазда, гьеб тунка-хlусиялда гlумруялдаса ратlалъаразул лъимал-хъизабазда, жамгlиял гlуцlабазул церехъабазда, бича-хисиялда, даран-базаралда хlалтlулел ругел гьалмагъзабазда, учреждениябазулгун организациябазул хlалтlухъабазда, захlматалъул ветераназда, хlалтlул церехъабазда ва гь.ц

**Информцентр**

---

18 августалда т1адехун рехсараб бак1алда чуял рекеризе ричалелъуб кванил ниг1матал х1адуризе ва ричизе бокьаразде гьари буго, нахъбахъич1ого, гьаб номералде ах1еян 8989 -871-44-88.

***Районалъул бет1ерасул кумекчи Гъ.Б. Гъайирбиев.***

# Объявления

Утерянный государственный сертификат МК-6 № 0357881 на материнский (семейный) капитал, выданный Управлением ОПФР по Республике Дагестан в Казбековском районе 29.01.2015г. на имя **Аскербиевой Заремы Усмановны,** считать недействительным.

---

Объявляется конкурс на замещение вакантной должности учителя начальных классов. Желающие могут обратиться в дирекцию Дылымской гимназии до 17.08. 2018г.

*БетIерав редактор:*
*Мухтар ГIалиевич Чупалаев*
*тел: 55-48-94*
*Жавабияв секретарь:*
*МухIамад-Шарип ГIабдулашимов*
*тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби:*
*ХIалимат Каримова,*
*Ибрагьим Идрисов,*
*Сапият СултанмухIамадова*
*Фотомухбир:*
*Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо ХIайбаева*
*Верстка: Марьям АтавхIажиева, Зайнаб ГIабдулмуслимова.*
*Типографиялъул адрес: Хасавюрт шагьар, ООО "Типография№4. ул. Мусаева 42*

*Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.*
*Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00.*
*Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район"*
*Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368141, Саид-Афандил къват1,2*
*Индекс: 51354*
*Заказ №112 Тираж 1300*
*Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*